



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 11 jen 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON AVANS \$261 MILYON DOLA POU PWOGRAM AFOUYMAN PON POU AKSYON FEDERAL

Yo idantifye 54 pon ki gen tandans inonde ki pral benefisye bourad lajan modènizasyon nan pwogram Hazard Mitigation Grant FEMA a; Gade lis la [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse 54 lòt pon ki gen gwo afouyman pase nan nouvo faz la pou aksyon federal atravè Hazard Mitigation Grant Program (HMGP) lan. Sa vin apre apèl Gouvènè a pou Ajans Jesyon pou Ijans Federal la, FEMA, evalye premye seri 51 pon yo nan dat 8 me 2014 la (gade [isit la](#)) epi ranpli demann Eta New York pou sipò pou reyalizasyon pwogram 105 pon an. Pwogram lan pral koute ototal \$518 milyon. Yon fwa l fini, pwogram afouyman pon an pral pwoteje epi konsolide wout transpò enpòtan atravè Eta a, pou garanti transpò ka rive kote ki gen sitiasyon ijans epi pou konfime angajman New York nan bay espas pou kwasans ekonomik san rete.

“Pon sa yo sèvi kòm kòdon sekirite esansyèl pou Nouyòkè, sitou pandan peryòd move tan ki malerezma vin tounen reyalite nan eta sa.” te deklare Gouvènè Cuomo. “Pwogram esansyèl sa pral pèmèt nou ranfòse pon sa yo pandan l ap pwolonje dire sèvis yo pou Nouyòkè ki konte sou yo.”

Nan mwa jen 2013, Gouvènè Cuomo te anonse yon apèl pou pwojè ki pou jwenn bourad lajan pwogram HMGP a pou ede gouvènman lokal ak òganizasyon ki pap fè lajan rebati kominote pi solid ak pi dirab. Pwogram lan, ki gen otorizasyon FEMA, gen kòm objektif pou l ogmante rezistans Eta a, diminye difikilte, epi diminye ris pou gen pèt ak domaj ki asosye ak katastwòf fiti. Pwogram afouyman pon an se rezilta yon tèt ansanm yo pa janm wè ant Depatman Transpò Eta a (DOT), Divzyon Sèvis Ijans ak Sekirite Enteryè (DHSES), Biwo Retablisman apre Siklòn Gouvènè a (GOSR) ak plizyè douzèn otorite lokal, epi mete Eta New York nan modènite aktivite tou nèf pou retablisman apre inondasyon ak diminisyon efè yo.

Direktè Retablisman apre Siklòn James Rubin te di konsa: “Modènizasyon pon sa yo se pa yon depans, se yon investisman esansyèl nan fiti New York. Metòd pwogresis nou an pral pèmèt yo pi byen reziste lè lanati frappe fò nan pati sa yo nan Eta a.”

Afouyman pon ewode epi bwote materyo fondasyon tankou sab ak wòch toutotou ak anba kile, pilye, fondasyon ak bèj pon. Amelyorasyon pon sa yo pral garanti sèvis ijans yo rive pandan ak apre katastwòf inondasyon epi diminye ris inondasyon kote ouvèti pon lakòz rivyè ak dlo refoule.

DOT eta a idantifye 54 pon ak gwo afouyman kòm pon ki gen pi gwo ris inondasyon toutan nan rejyon Capital District, Long Island, Mid-Hudson, Mohawk Valley, North Country, Finger Lakes, Central/Western ak Southern Tier. Tout pon yo ki nan pwogram amelyorasyon ak renovasyon sa te konstwi selon kòd ak nòm tan pa yo epi yo rete ouvri ak san danje pou sikilasyon chak jou. Sepandan, akòz yon kantite katastwòf move tan natirèl ak ogmantasyon kantite gwo siklòn ak inondasyon, yo sibi afouyman kounye a akòz entansite ak rapidite dlo ki soti nan katastwòf natirèl move tan.

54 pon ki nan pwogram afouyman yo rekòmande jounen jodi a, pral koute plis pase \$261 milyon dola, kap gen ladan \$196 milyon kap soti nan FEMA si yo apwouve nan Hazard Mitigation Grant Program lan. Kou total pwogram lan, san bliye 105 pon nan tout eta yo, pral koute \$518 milyon, ak 388 milyon ladan kap peye atravè Hazard Mitigation Grant Program lan. Reyalizasyon pwogram lan pral pèmèt rezidan nan 78 kominote anndan 30 konte atravè Eta New York kontinye jwenn sèvis sovtaaj enpòtan sa yo nan ka ijans. Anplis, atravè amelyorasyon estrikti sa yo, move repèkasyon sou vwayaj atravè Eta a pral diminye pou anpil pandan move tan kap pote twò gwo volim dlo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418